

Si w enkyè oswa w santi kò w pa bon

Itilize zouti depistaj pou COVID-19 sou entènèt la

Zouti entènèt ki toujou disponib sa a pèmèt pasyan ki montre sentòm COVID-19 – oswa ki gen enkyetid pou ekspozisyon COVID-19 – reponn kèk kesyon otomatik sou entènèt. Nan fen evalyasyon kout sa a, yo pral dirije pasyan yo nan pwochen etap yo dapre eta medikal yo.

[Kòmanse tès depistaj](#)

Mwen gen sentòm ke mwen panse ta ka COVID. Èske mwen bezwen yon tès?

Si ou gen sentòm, ou ta dwe teste. Massachusetts gen [anpil opsyon tès](#). Si w rete yon lòt kote, tcheke sit entènèt leta w la pou w jwenn resous yo.

Ou ka itilize yon twous tès lakay (yo rele sa tès antijèn souvan) tou. Pou li plis sou sa [Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi \(Centers for Disease Control and Prevention, CDC\) gen plis enfòmasyon sou tès lakay yo](#).

Tanpri pa ale nan sal ijans oswa nan swen ijans jis pou fè tès pou COVID-19 la.

Tanpri note byen ke Mass General Brigham gen kapasite limite pou tès nan moman sa a. Nou pa kapab ofri tès ochwa ankò (pa egzanp, tès pou vwayaj). N'ap ajoute kapasite tès. Nou espere ke n'ap kapab ofri tès ochwa ankò byento.

[Li plis sou tès COVID-19 la](#)

Èske m ta dwe izole oswa mete m nan karantèn?

Si w teste pozitif pou COVID-19, ou ta dwe izole. Si ou te ekspoze a yon moun ki gen COVID-19, ou ta dwe mete w an karantèn. [Li plis nan CDC la](#).

Direktiv konsènan nesite pou karantèn ak tès apre ekspozisyon yo ap chanje. Gade [CDC](#), [Depatman Sante Piblik Massachusetts \(Massachusetts Department of Public Health\)](#) yo oswa sit entènèt eta ou a pou konsèy aktyèl yo.

Note byen ke pifò lekòl leta nan Massachusetts swiv direktiv Depatman Sante Piblik Massachusetts. Sepandan, gen kèk lekòl ki ka gen direktiv diferan. Tanpri rele lekòl pitit ou a pou konnen règleman espesifik karantèn yo si pitit ou a te ekspoze.

Mwen teste pozitif. Mwen pa nan gwo risk pou maladi grav. Sentòm mwen yo enkyete m. Kisa mwen ta dwe fè?

Sentòm Lejè yo – Rete Lakay ou epi [izole tèt ou](#)

Sentòm lejè yo se yon tanperati ki pi ba pase 100.4 degre (pi ba pase 102.4 degre pou timoun ki gen plis pase 3 mwa), doulè nan misk, oswa yon ti tous. Si ou gen sentòm sa yo, rete lakay ou epi [izole tèt ou](#). Repoze anpil, bwè anpil likid, epi veye sentòm ou yo. Nou byen swete w ap kòmanse santi w pi byen apre kèk jou. Ou pa bezwen kontakte doktè ou pou fè yo konnen ou gen COVID la.

Sentòm Modere yo – Rele Biwo Founisè Swen Prensipal Ou an

Si ou gen sentòm modere tankou yon lafyèv ki pi wo pase 100.4 degre, tous serye, oswa souf kout, [kontakte biwo founisè swen prensipal ou a](#). Si w ap resevwa tretman kansè, tanpri rele biwo onkolojis ou a.

Pou timoun ki gen laj 3 mwa oswa plis ki pa iminokonpwomi, yon gwo lafyèv se lafyèv ki depase 102.4 degre. Si pitit ou a gen lafyèv, tous grav, oswa souf kout, ou ta dwe rele biwo founisè swen prensipal li tou. Ou ta dwe rele tou si li gen twòp dòmi nan je, si li poko twalèt pandan plis pase 10 èdtan (si li gen 3 zan oswa plis) oswa plis pase 8 èdtan (si li gen mwens pase 3 zan). Doktè pitit ou a ka ba ou rekòmandasyon kisa pou fè.

Si ou pa gen yon founisè swen prensipal oswa ou gen sentòm ki mande atansyon imedya, eseye Opsyon Swen Ijans (Urgent Care options) nou yo:

1. Plase yon randevou ak [Swen Ijan Vityèl Mass General Brigham \(Mass General Brigham Virtual Urgent Care\)](#)

Mass General Brigham ofri sèvis swen ijans vityèl konvnan ak bon jan kalite si ou se yon pasyan etabli nan Mass General Brigham, Massachusetts. Si w gen enkyetid konsènan COVID-19 oswa sentòm ki sanble ak COVID, ou ka konekte vityèlman epi an sekirite ak yon founisè. Tanpri note byen: Swen Ijan Vityèl se sèlman pou pasyan ki gen laj 3 an oswa plis.

[Aprann plis sou vizit vityèl](#)

2. Ale nan [Sant Swen Ijans an pèsòn \(in-person Urgent Care centers\)](#)

Sentòm Sevè yo – Ijans

Ale nan [Sal Dijans](#) si ou gen sentòm grav tankou:

- Gwo difikilte pou respire
- Doulè oswa presyon nan pwatrin lan ki pèsistan
- Nouvo konfizyon oswa vètij
- Pa kapab fè yon reveye oswa ret je klè
- Po, bouch, oswa anba zong pal, gri, oswa ble, tou depann de ton po

Si ou pa kapab ale nan sal dijans la, rele 9-1-1.



Mwen te teste pozitif epi mwen gen gwo risk pou maladi grav. Sentòm mwen yo enkyete m. Kisa mwen ta dwe fè?

Rele biwo founisè swen prensipal ou a

Ou ka kalifye pou tretman COVID pou pasyan ekstèn. **Tanpri note byen, nou gen ti kantite tretman sa yo.**

Pa egzanp, tretman ak antikò monoklonal (mAB) ka ede konbat enfeksyon. Rele biwo founisè swen prensipal ou a pou yon referans. Ou elijib si w gen [gwo risk](#) pou w gen COVID-19 grav, si w gen swa yon tès antijèn oswa PCR pozitif, epi w nan lespas 10 jou apre sentòm yo kòmanse.

Note byen ke mAB pa disponib nan Swen Ijans oswa Depatman Ijans la. Si w elijib, founisè swen prensipal ou a ap refere w nan yon klinik pou tretman solisyon nan venn ki deziyen pou sa

Anplis de sa, Administrasyon Manje ak Medikaman Ameriken an (US Food and Drug Administration) te bay yon Otorizasyon pou Itilizasyon Ijans (EUA) pou Paxlovid Pfizer a (grenn nirmatrelvir ak grenn ritonavir) ak molnupiravir Merck la. Sa yo se grenn ki ka itilize pou trete COVID-19 lejè ak modere. Paxlovid disponib pou granmoun ak timoun ki gen 12 ane oswa plis ki peze omwen 40 kilogram. Molnupiravir se pou granmoun sèlman. Tou de yo disponib sou preskripsyon sèlman pou pasyan ki gen gwo risk pou COVID-19 sevè. Yo tou de ta dwe kòmanse osito ke posib apre yon dyagnostik COVID-19 ak nan lespas senk jou apre sentòm yo kòmanse. **Nou poko genyen tretman sa a disponib men nou prevwa kantite limite byento. Nou pral bay mizajou lè li disponib. Tanpri pa rele oswa voye mesaj nan biwo founisè swen prensipal ou a pou mande medikaman sa yo paske yo pa disponib kounye a.**

Mizajou 6 janvyè 2022

